

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Kasenian gembyung mangrupa kasenian tradisional nu aya di Kabupaten Subang. Seni gembyung mimiti aya dina jaman peralihan ti agama Hindu ka Islam. Di jaman Waliyulloh, kasenian gembyung dipaké si'ar Islam ku Sunan Kalijaga. Kasenian Gembyung Buhun Dangiang Dongdo diadegkeun ku tilu inohong di Kabupaten Subang nya éta H. Bebet Sulaeman, Ir. H. Moch. Agustias, jeung Drs. H. Moddi Madiana. Kecap *Dangiang Dongdo* asalna tina kabiasaan para santri nu ngibing rebanaan ku ibingan *kobong dongko* jeung dicokot tina ngaran nonoman Sunda nya éta Dangiang Surya Kancana (Mbah Dongdo). Kasenian Gembyung Buhun Dangiang Dongdo gawé bareng jeung “Roengkoen Iwoeng” dina ngokolakeun kasenian gembyung. Nu ngabédakeun seni gembyung Dangiang Dongdo jeung gembyung séjéenna nya éta waditra anu dipaké dina mintonkeun seni gembyung geus dimodifikasi ku cara ditambahan (dikolaborasi) jeung waditra séjén. Lian ti nambahana waditrana, lagu-lagu anu dipintonkeunna ogé maké lalaguan kaayeunakeun. Peran/kalungguhan kasenian gembyung salaku média ritual jeung pintonan.

Unsur-unsur seni nu ngarojong kana pintonan kasenian gembyung ngawengku unsur seni rupa (kostum/pakéan), waditra (karawitan), seni sora (lalaguan), jeung seni tari (ibingan). Kostum/pakéan nu dipaké ku nayaga/pamaén gembyung nya éta iket, baju kamprét/salontrék, jeung calana pangsi. Waditra anu dipaké dina kasenian gembyung nya éta: 1) gembyung indung/byung, 2) kemprang, 3) kempring, 4) kemprung, 5) kendang, 6) kulantér, 7) tarompét, 8) bedug, 9) goog, 10) kentrung, jeung 11) kecrék. Lagu-lagu nu biasa dihaleuangkeun dina pintonan kasenian gembyung nya éta: “Kembang Gadung”, “Éngko Koléar”, “Bénjang”, “Siuh”, “Éngko”, “Gaya Sari”, “Ongkét”, “Kembang Beureum”, “Buah Kawung”, jeung “Mitra”. Gerakan ngibing dina pintonan kasenian gembyung teu maké aturan, tapi aya ogé nu katelah ibing “Kobong Dongko” jeung “Ongkét”.

Prak-prakanana kasenian gembyung di mimitian ku ayana sanduk-sanduk/ijin/susuhku ku sasajén sangkan manusa bisa maca ka alam sabudeureunana jeung di teruskeun kana pintonan kasenian gembyung.

Ajén éstétis dina kostum/pakéan aya dina wangun jeung garis. Iket méré kaéndahan ka anu makéna lantaran katempo rapih. Kaéndahan dina baju kamprét/salontrék aya dina wangun jeung garis. Baju kamprét nu bolas di bagéan dada aya motif batik kumeli nu nambahan kaéndahan dina fisik éta kamprét. Kaéndahan warna baju kamprét nu bolas ngalambangkeun kasucion jeung kabersihan. Kaéndahan dina pangsi bisa méré kalaluasaan ka nu makéna lantaran pangsi dijieunna logor sangkan babari usik. Ajén éstétis nu nyangkaruk dina kostum/pakéan nayaga gembyung nya éta ayana unsur “keserasian”, nu ngabalukarkeun éta kostum/pakéan éndah katempona. Kaéndahan nu nyangkaruk dina waditra gembyung nya éta sora nu dihasilkeun ku waditra gembyung indung/byung, kemprang, kempring, jeung kemprung béda-béda. Nu ngabédakeun sora gembyung béda-béda nya éta ukuran wangunna jeung settingan sorana. Ajén éstétis nu aya dina seni musikna nya éta ngahasilkeun harmonisasi musik nu éndah. Kaéndahanna aya dina téhnik nabeuh waditra gembyung nu bisa ngahasilkeun wirahma musik nu éndah nu bisa karasa ku nu lalajo (penikmat seni). Sora musik gembyung ngahasilkeun sora nu dinamis/ngageuleuyeung nu antukna mawa rasa tingtrim pikeun nu lalajo. Ajén éstétis tina ibing “Kobong Dongko” nya éta ayana “keselarasan” dina ibingan nu dipintonkeun sacara kompak ku panari. Lian ti ibing “Kobong Dongko”, aya ogé ibing “Ongkét”. Ibting “Ongkét” biasana dipintonkeun nalika juru kawih ngahaleuangkeun lagu “Ongkét”. Ajén éstétis dina tari “Ongkét” nya éta ayana “keselarasan” nalika mintonkeun éta ibingan, sanajan ibinganna basajan jeung nyokot tina gerakan penca silat. Ajén éstétis tina rumpaka lagu-lagu gembyung boga unsur “komunikatif” sangkan nu lalajo bisa nyangkem harti tina éta lagu-lagu gembyung. Lian ti éta, lagu-lagu gembyung boga unsur “keselarasan” nu bisa ngahasilkeun sora lagu nu éndah.

Tina hasil ieu panalungtikan, bisa dijadikeun bahan pangajaran maca bahasan pikeun SMA kelas XII. Ngeunaan hasil atawa henteuna bahan pangajaran maca bahasan, gumantung kana téknik jeung métode nu dipaké ku guruna. Lian ti éta, guru kudu nyaluyukeun bahan pangajaran jeung kamampuh siswana sorangan sangkan bisa ngahontal kana tujuan pangajaran nu dimaksud.

5.2 Saran

Sabada nalungtik ajén éstética kasenian gembyung, karasa loba pisan mangpaatna pikeun panyusun. Di sagigireun ngaguar tradisi, ogé bisa nambahán élmu pangaweruh kana widang agama. Sangkan ajén kamangpaatan tina kasenian gembyung bisa karasa ku sakumna pihak, panalungtik hayang nepikeun saran, nya éta:

- 1) *Pikeun pihak lembaga pendidikan*, ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun alternatif bahan ajar. Sabab di jerona leubeut ku ajén-inajén pendidikan hususna ajén kabudayan;
- 2) *Pikeun pihak masarakat*, kasenian gembyung mangrupa tradisi anu diwariskeun ti para karuhun urang Sunda jeung miboga ajén *positif* di jerona. Ku kituna, ieu acara ulah nepi ka mawa pikiran masarakat kana kamusrikan. Kasenian gembyung kudu dimumulé sangkan teu ngésér, kagésér ku kasenian séjén sarta tetep ahung rahayu;
- 3) *Pikeun pihak penyelenggara*, lian ti ajén *positif*, dina ieu kasenian gembyung téh nyangkaruk ogé kapercayaan-kapercayaan jeung mitos anu geus napel dina diri masarakat. Ku kituna, ka *pihak penyelenggara* dipiharep bisa ngalelempeng paradigma masarakat, sangkan henteu ngahudangkeun sikep '*penyimpangan akidah*' di masarakat; jeung
- 4) *Pikeun lembaga panalungtikan*, panyusun ngarasa ieu panalungtikan téh jauh kénéh tina kasampurnaan. Ku kituna, panalungtikan ngeunaan kasenian gembyung kudu dituluykeun deui. Widang garapanana leuwih dihususkeun deui sangkan leuwih écés dina ngahartikeunana.